



**NAETISL**

National Association of  
Educational Translators and  
Interpreters of Spoken Languages



**MODDC**

Missouri  
Developmental  
Disabilities Council

# Reyinyon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) yon Elèv Dirije: Yon Gid pou Paran

---

Funding for the Supporting Language Access in Schools Project in Missouri provided by the Missouri Developmental Disabilities Council, was supported by the Administration for Community Living (ACL), U.S. Department of Health and Human Services (HHS) as part of a financial assistance award totaling \$1,361,246 with 100 percent funding by ACL/HHS. The contents are those of the author(s) and do not necessarily represent the official views of, nor an endorsement, by ACL/HHS, or the U.S. Government.



[naetisl@gmail.com](mailto:naetisl@gmail.com)

NAETISL



Follow us



MODDC



[moddc@moddcouncil.org](mailto:moddc@moddcouncil.org)



[www.naetisl.org](http://www.naetisl.org)

[www.moddcouncil.org](http://www.moddcouncil.org)





# Reyinyon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) yon Elèv Dirije: Yon Gid pou Paran

## Kisa yon reyinyon IEP yon elèv dirije ye?

Se yon reyinyon sou Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) kote elèv la pran devan nan planifikasyon pwòp edikasyon li. Olye granmoun yo dirije pifò konvèsasyon an, elèv yo patisipe aktivman epi pafwa yo dirije kèk pati nan reyinyon an yo menm.

## Poukisa li enpòtan pou elèv yo dirije reyinyon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) pa yo?

Lè elèv yo dirije, yo aprann pale pou pwòp tèt yo (fè vwa yo pase) epi pran desizyon sou avni yo (detèminasyon pèsonèl). Sa ka ede yo reyisi lekòl epi prepare pou travay oswa inivèsite apre yo fini etid yo.

## Kijan yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) yon elèv dirije diferan ak yon IEP nòmal?

Nan reyinyon tradisyonèl yo, elèv yo anjeneral pale sèlman pandan apeprè 3% nan tan reyinyon an. Nan reyinyon yon elèv dirije yo, elèv la pataje plis, li ede oryante desizyon yo, epi li jwe yon wòl aktif olye pou li se yon patisipan ki rete an silans.

## Èske tout elèv ka patisipe nan reyinyon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) yon elèv dirije?

Yo ka adapte patisipasyon an selon laj, bezwen, ak pwèn fò elèv la. Elèv ki pi jèn yo ka sèlman pataje travay yo oswa pale sou sa yo renmen aprann. Elèv ki pi gran yo ka dirije tout reyinyon an epi ede ekip la pran desizyon.





## Kijan elèv yo ka prepare pou yo dirije reyinyon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) yo?

- Preparasyon se kle. Pwofesè ak paran yo ka ede elèv yo:
- Konprann tèt yo: sa yo fè byen, ki pwoblèm y ap konfwonte, epi kijan andikap yo afekte aprantisaj yo.
- Konprann Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) yo a: sa li di ak ki dwa yo genyen.
- Plan pou reyinyon an: pratike sa pou yo di, kreye yon ajanda, epi prepare pou kesyon. Yo ka itilize prezantasyon oswa lòt teknoloji pou ede tou.

## Ki wòl paran yo jwe nan reyinyon IEP elèv yo dirije?

Paran yo ka bay sipò lè yo:

- Pale ak pitit yo sou Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) a ak pwosesis reyinyon an.
- Ankouraje pitit ou a pou l dirije kèk pati (oswa tout) reyinyon an.
- Rete an kominikasyon ak pwofesè yo ak anplwaye lekòl la pou sipòte patisipasyon elèv la.

## Èske reyinyon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) elèv yo dirije fleksib?

Se pa yon sèl fason yo ka fè yo. Chak elèv ka patisipe nan yon fason ki koresponn ak kapasite l ak nivo li alèz , soti nan pataje yon ti kras enfòmasyon rive nan dirije tout reyinyon an.





## Ki avantaj alontèm reyinyon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IE P) elèv dirije yo genyen?

Elèv ki patisipe aktivman vin pi motive, plis kwè nan tèt yo , epi yo vin gen plis konpetans pou yo defann tèt yo. Konpetans sa yo ede yo nan lekòl, travay, ak lavi apre yo fini etid yo

